

KATRIYÈM ENTÈDIKSYON VWAYAJ PREZIDAN TRUMP LAN

Avètisman: Inite Lwa sou Anplwa Legal Aid Society a (Sosyete Èd Legal) te kreye ransèyman sa a. Ransèyman sa a pa konsèy legal, epi li pa dwe ranplase konsèy yon espesyalis imigrasyon. Enfòmasyon ki gen ladan l lan aktyèl apati dat vèsyon ki nan pati anba dokiman sa a, epi li ka chanje akòz yon pwosè jidisyè.

Nan dat 26 jen 2018, nan ka *Trump v. Hawaii*, Tribinal Siprèm Etazini an te jije twazyèm endèdiksyon vwayaj Prezidan Trump lan, ke l te emèt nan dat 24 septanm 2017 la, pa enkonstitisyonèl. Entèdiksyon an sible sitwayen ki soti nan uit peyi, majorite popilasyon sis ladan yo se mizilman: Tchad, Iran, Libi, Koredinò, Siri, Venezwela, Yemenn, ak Somali. Administrasyon an te retire entèdiksyon an pou Tchad nan dat 10 avril 2018, men rete sèt lòt peyi ki toujou anba restriksyon sou vwayaj yo.

Nan dat 31 janvye 2020 an, Prezidan Trump te pibliye yon lòt entèdiksyon vwayaj ankò kote l ajoute Nijerya, Bima (Miyanma), Eritre, Kigizistan, Soudan, ak Tanzani. Katriyèm entèdiksyon sou vwayaj la pral antre an vigè 21 fevriye 2020.

Entèdiksyon yo fè diferans ant **imigran yo** (ki se moun ki antre kòm rezidan pèman, oswa moun ki gen kat rezidans yo) ak **moun ki pa imigran yo** (ki antre pou peryòd tan limite, pa egzanp vizitè yo oswa etidyan yo):

Peyi	Viza Imigran yo	Viza Non-Imigran yo	Remak yo
Bima (Miyanma)	Yo sispann tout, eksepte pou moun ki Imigran Espesyal yo ki elijib baze sou èd yo te bay gouvènman Etazini an	Pa Aplikab	
Tchad	Yo te leve entèdiksyon an nan dat 10 avril 2018	Yo te leve entèdiksyon an nan dat 10 avril 2018	
Eritre	Yo sispann tout, eksepte pou moun ki Imigran Espesyal yo ki elijib baze sou èd yo te bay gouvènman Etazini an	Pa Aplikab	
Iran	Yo sispann tout	Yo sispann tout an jeneral, eksepte yo ka otorize etidyan viza yo (F ak M) ak vizitè echanj ki gen viza yo (J) rantrè byenke y ap anba plis verifikasyon ak kontwòl	Yo te bay egzansyon pou moun ki gen yon relasyon bòn fwa ak yon moun oswa antite Ameriken; egzansyon an te ekspire 18 oktòb 2017
Irak	Yo ka otorize yo antre, men y ap anba plis kontwòl pou detèmine si yo poze yon menas pou sekirite nasyonal oswa sekirite piblik	Yo ka otorize yo antre, men y ap anba plis kontwòl pou detèmine si yo poze yon menas pou sekirite nasyonal oswa sekirite piblik	Yo pa anba entèdiksyon kategorik ankò

Peyi	Viza Imigran yo	Viza Non-Imigran yo	Remak yo
Libi	Yo sispann tout	Yo sispann vizitè biznis ak touris B1/B2 yo	Yo te bay egzansyon pou moun ki gen yon relasyon bòn fwa ak yon moun oswa antite Ameriken; egzansyon an te ekspire 18 oktòb 2017
Kigizistan	Yo sispann tout, eksepte pou moun ki Imigran Espesyal yo ki elijib baze sou èd yo te bay gouvènman Etazini an	Pa Aplikab	
Nijerya	Yo sispann tout, eksepte pou moun ki Imigran Espesyal yo ki elijib baze sou èd yo te bay gouvènman Etazini an	Pa Aplikab	
Koredinò	Yo sispann tout	Yo sispann tout	
Somali	Yo sispann tout	Yo ka otorize yo antre, y ap anba plis kontwòl pou detèmine si aplikan an konekte ak òganizasyon teworis yo oswa si li poze lòt menas pou sekirite nasyonal oswa sekirite piblik Etazini	Yo te bay egzansyon sèlman pou aplikan k ap aplike ki gen yon relasyon bòn fwa ak yon moun oswa antite Ameriken; egzansyon an te ekspire 18 oktòb 2017
Soudan	Yo sispann sèlman pou imigran Lotri Viza Divèsite yo	Pa Aplikab	
Siri	Yo sispann tout	Yo sispann tout	Yo te bay egzansyon pou moun ki gen yon relasyon bòn fwa ak yon moun oswa antite Ameriken; egzansyon an te ekspire 18 oktòb 2017
Tanzani	Yo sispann sèlman pou imigran Lotri Viza Divèsite yo	Pa Aplikab	
Venezwela	Yo ka otorize yo rantre, men y ap swiv mezi anplis kòm sadwa pou asire enfòmasyon vwayajè yo rete aktyèl.	Yo ka otorize yo rantre, men y ap swiv mezi anplis kòm sadwa pou asire enfòmasyon vwayajè yo rete aktyèl.	Yo sispann kèk fonksyonè gouvènman k ap patisipe nan pwosedi verifikasyon ak kontwòl yo, ak manm fanmi pwòch yo
Yemen	Yo sispann tout	Yo sispann vizitè biznis ak touris B1/B2 yo	Yo te bay egzansyon pou moun ki gen yon relasyon bòn fwa ak yon moun oswa antite Ameriken; egzansyon an te ekspire 18 oktòb 2017

- Moun ki annapre yo **pa fè pati** entèdiksyon vwayaj la:
 - rezidan pèmanan yo;
 - sila yo te admèt oswa ki sou libète kondisyonèl anndan Etazini nan dat oswa apre dat òdonans lan te antre an vigè:
 - 24 septanm 2017 pou Iran, Libi, Somali, Siri, ak Yemenn; oswa
 - 18 oktòb 2017 pou Koreyinò ak Venezwela; oswa
 - 21 fevriye 2020 pou Bima (Miyanma), Eritre, Kigizistan, Nijerya, Soudan, ak Tanzani;
 - sila ki gen yon dokiman ki pa yon viza – tankou yon lèt transpò, yon fich anbakman apwopriye, oswa dokiman libète kondisyonèl preyalab – ki valid nan dat òdonans lan te antre an vigè;
 - moun ki gen doub nasyonalite k ap vwayaje sou paspò peyi non-deziyen;
 - sèten moun ki gen viza diplomasi yo;
 - moun ki an egzil ak refijye ki deja gen estati yo apati dat òdonans lan te antre an vigè; epi
 - sila yo te akòde sispansyon oswa pwoteksyon pou depòtasyon yo dapre Konvasyon Kont Tòti a.

- **Egzansyon ka disponib si yon moun ka satisfè toule twa kritè ki annapre yo:**
 - Refize yo antre ka lakoz prejije enjistifye kont yo;
 - Antre yo p ap poze yon menas pou sekirite nasyonal; epi
 - Antre yo ap nan enterè piblik.

- **Refijye yo**
 - Yo pa te fè okenn chanjman pou yo nan nouvo entèdiksyon sou vwayaj sa a.
 - Entèdiksyon sou vwayaj ki date 16 mas 2017 la te egzije pou yo mete yon arè 120 sou admisyon refijye yo, ki te ekspire 14 jiyè 2017, epi konsa yo pa te abòde sijè a nan entèdiksyon sou vwayaj ki date 24 septanm 2017 la ni sa 31 janvyè 2020 an.

**Si w gen nenpòt kesyon oswa si w bezwen asistans,
tanpri rele liy dirèk Inite Anplwa nou an nan 844-955-3425.**